



# Vanjans gid siwo myèl la

- ✍ Zulu folktale
- ✒ Wiehan de Jager
- 🖨 ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 🔊 4
- 💬 krèyol ayisyen ht



Sa a se istwa Ngede, yon gid siwo myèl, ak yon jenn gason visye ke yo rele Gingile. Yon jou pandan Gingile al lachas li tande yon apèl Ngede. Bouch Gingile kòmanse koule dlo lè li sonje siwo myèl la. Li kanpe pou'l koute pi byen, li chache jis li wè zwazo a sou pyebwa a sou tèt li. "Chitik-chitik-chitik," ti zwazo an tap chante. Li kontinye vole sou lòt pyebwa a "Chitik, chitik, chitik," li kanpe tanzantan pou'l gade si Gingile tap swiv li.



Apre yon demi èdtan, yo rive pre yon gwo pye fig frans. Ngede sote san gade dèyè sou branch yo. Lè fini li rete sou yon grenn branch epi li balanse tèt li tankou si lap di, "Men li! Vini non! Vini kounyè a, kisa kap pran konsa a ?" Gingile pat kapab wè anyen anba pyebwa a men li fè Ngede konfyans.



Se konsa Gingile depoze fizil lachas li anba pyebwa a, li rasanble kèk ti mòso branch enpi li limen yon ti dife. Lè dife an byen pran, li mete yon frenn byen long nan mitan dife a. Tout moun konnen ke bwa sa a fè anpil lafimen lè lap boule. Nedge kòmanse grenpe pyebwa a ak baton lafimen an nan dan li.



Nan yon ti moman, li kòmanse tande bwi zèl gèp yo kap travay. Yo rantre soti nan yon trou ki nan kò pyebwa a - nich yo. Lè Gingile rive tou pre li kòmanse balanse baton lafimen nan trou pyebwa a. Gèp yo kouri soti men yo te fache anpil. Yo vole ale paske yo pat renmen lafimen an - men anvan sa a yo pike Gingile byen fò!



Lè gèp yo fin sòti, Gingile mete men'l anndan nich la. Li pran yon pengn pou'l retire gwo ponyen siwo myèl rich ak tout grès blan anndan li. Li mete peny an ak prekosyon nan bèg ka ke li te gen sou zepòl li enpi li kòmanse redesann pyebwa a.



Ngede tap swiv ak anpil atansyon tout sa Gingile tap fè. Li tap tann ke Ngede bay li yon gwo mòso siwo myèl gra a enpi pou'l ta di li mèsi. Ngede desann branch yo rapid rapid jis li rive tou pre atè a. Lè Gingile rive anba nèt, Ngede te kanpe sou yon wòch tou pre lap tann rekompans li.



Men, Gingile etenn dife a, li ranmase frenn li epi li kòmanse mache pou'l ale lakay li san'l pa okipe zwazo a. Ngede byen fache tonbe rele "VIK-torr! VIK-torrr!" Gingile kanpe, li gade ti zwazo a enpi li pete ri "Ou vle yon ti siwo myèl zanmi mwen? Ha! Men se mwen ki fè tout travay la enpi ki pran tout piki yo. Poukisa pou'm ta ba ou menm yon ti kras nan bél siwo myèl sa a?" Enpi, li kontinye mache. Ngede te fache serye! Se pa konsa pou yo boule avèk li! Li deside pran vanjans li sou Gingile.



Yon jou, plizyè semèn pita, Gingile tande yon lòt apèl Ngede pou siwo myèl. Li sonje bon gou siwo myèl la enpi li swiv ti zwazo a yon lòt fwa ankò. Lè ti zwazo a fin mennen Gingile nan rebò rakbwa a, Ngede kanpe pou'l pran yon ti repo anba yon pye pikan. "Ah, gen lè se la nich la ye" Gingil byen vit fè ti dife epi li kòmanse grenpe pyebwa a ak branch lafimen an nan dan li. Ngede chita lap gade.



Pandan Gingile ap grenpe lap mande tèt li poukisa li pa tandé bwi zèl gèp yo kap travay. "Petèt nich la nan fon pyebwa a," li vin reflechi. Li monte sou yon lòt branch men olye nich la li jwenn bappoubap ak yon leyopa! Leyopa a pat kontan paske li tap dòmi lè yo vin deranje li. Li plise je'l enpi li louvri bouch li byen gran pou'l montre gwosè ak lajè dan li.



Gingile kouri desann pyebwa anvan Leyopa a bay li yon kout pat. Nan prese li te manke yon branch, li ateri ak yon gwo bwi enpi li foule pye li. Li pati kouri sou vye pye an. Chans pou li leyopa a te gen dòmi nan je'l. Se konsa gid siwo myèl la pran vanjans li. Gingile aprann lesон li.



Kidonk, lè ptit Gingile tandé istwa Ngede a yo  
respete ti zwazo a. Lè yal rekòlte myèl yo toujou kite  
pigwo mòso a pour Gid siwo myèl la.



# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

## Vanjans gid siwo myèl la

✎ Zulu folktale  
☞ Wiehan de Jager  
☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

